

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Istilah-Istilah dina Arsitéktur Imah Adat Kampung Budaya Sindangbarang Désa Pasir Eurih Kacamatan Tamansari Kabupatén Bogor pikeun Bahan Ajar Maca Artikel Budaya Kelas XII”. Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif, sarta ngagunakeun téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi. Hasil nu kapaluruh tina ieu panalungtikan, nya éta ngeunaan wangun atawa bentuk imah nu aya di Kampung Budaya Sindangbarang, cara ngadegkeun imah, istilah-istilah anu pakait jeung arsitéktur imah, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya kelas XII.

Wangun imah di Kampung Budaya Sindangbarang mangrupa panggung. Ukuran kolongna henteu pati jangkung, kurang leuwih 60 cm. Wangun dingdingna ogé manjang ka tukang sarta jangkungna kurang leuwih 3 méter ti lanté nepi ka para. Aya dua panto anu ngalengkepan imah, nya éta panto hareup jeung tukang. Tuluy jandéla di imah adat Kampung Budaya Sindangbarang umumna ngagunakeun kaca.

Suhunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang wangunna disebut *gado bangkong*. Wangun suhunan imah anu di bagian luhur, bentukna nyungcung mirip jeung *gado bangkong*. Lamun ditilik tina sakabéh wangun suhunan, ieu suhunan kawas *bangkong* nu keur siap-siap rék luncat. Ajén falsafah dina ieu suhunan, nya éta urang salaku jalma anu ngeusian imah kudu salawasna siap siaga dina nyanghareupan musuh, lawan, atawa marabahaya. Salian ti éta aya ragam hias anu pungsina ngahias imah sangkan leuwih alus katiténna. Ragam hias anu aya dina wangunan imah di Kampung Budaya Sindangbarang nya éta buway jeung *warogé*.

Di Kampung Budaya Sindangbarang aya 22 wangunan (umpi). Dumasar kana pungsina, éta wangunan téh jumlahna aya 12 rupa, di antarana: 1) imah gedé; 2) imah girang serat; 3) saung talu; 4) saung lisung; 5) leuit; 6) imah pasanggrahan; 7) imah paneungeun; 8) imah pangiwa; 9) tajug balé agung; 10)

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITÉKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH KACAMATAN TAMANSARI KABUPATÉN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

balé pangriungan; 11) imah cenderamata jeung; 12) tampian. Unggal wangunan miboga pungsina sorangan.

Prosés ngadegkeun imah di Kampung Budaya Sindangbarang dilakukeun sacara gotong royong. Runtuyan cara ngadegkeun imah di Kampung Budaya Sindangbarang di antarana ngalelemah, ngadék kai, melak umpak, ngadegkeun suhunan, jeung syukuran imah. Pakakas anu dibutuhkeun dina ngadegkeun imah nya éta balincong, bedog, benang (cedo), garpu, kampak, kihkir, linggis, pacul, paku, palu, paseuk, péso raut, ragaji, sugu, jeung tatah. Salian ti éta, bahan jeung sarat-sarat anu ngarojong dina ngadegkeun imah di antarana aya sasajén, parawanten, ruruja, jrrd.

Dumasar hasil panalungtikan, kapanggih 108 (100%) istilah anu aya pakaitna jeung arsitektur imah adat di Kampung Budaya Sindangbarang. Tina 108 (100%) istilah éta, dipasing-pasing deui dumasar kana wangunan imah dumasar pungsina, nya éta aya 12 (11,1%) istilah, ragam hias aya 2 (1,8%) istilah, babagian handap imah aya 11 (10,1%) istilah, babagian tengah imah aya 15 (13,8%) istilah, babagian luhur imah aya 23 (21,2%) istilah, cara ngadegkeun imah aya 5 (4,6%) istilah, bahan jeung sarat-sarat nu ngarojong dina ngadegkeun imah aya 25 (23,1%) istilah, jeung pakakas dina ngadegkeun imah aya 15 (13,8%) istilah.

Tina hasil ieu panalungtikan ngeunaan istilah arsitektur imah adat di Kampung Budaya Sindangbarang, bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran maca artikel budaya di Kelas XII. Istilah-istilah anu aya dina arsitektur imah adat Kampung Budaya Sindangbarang mangrupa salah sahiji kabudayaan anu aya di tatar Sunda. Ku kituna, penting pisan istilah arsitektur imah Sunda dipikawanoh ku masarakat umum, hususna ku siswa di sakola anu saluyu jeung SKKD maca di tingkat SMA/SMK/MA kelas XII pangajaran basa jeung sastra Sunda.

5.2 Rékoméndasi

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sawatara rékoméndasi pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan, saperti panalungtik, pamaréntah, guru, jeung masarakat.

Ari Dwi Hidayanti, 2015

ISTILAH-ISTILAH DINA ARSITEKTUR IMAH ADAT KAMPUNG BUDAYA SINDANGBARANG DÉSA PASIR EURIH KACAMATAN TAMANSARI KABUPATEN BOGOR PIKEUN BAHAN AJAR MACA ARTIKEL BUDAYA KELAS XII
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pikeun mahasiswa anu rék nalungtik ngeunaan arsitéktur imah adat di Kampung Budaya Sindangbarang, dipiharep bisa leuwih euyeub deui boh tina segi dokuméntasi boh narasumberna. Salian ti éta, dipiharep bisa nalungtik leuwih teleb deui ngeunaan rupa-rupa kabudayaan anu can kapaluruh di Kampung Budaya Sindangbarang. Dina ieu hal, pamaréntah ogé kudu leuwih ngarojong jeung merhatikeun Kampung Budaya Sindangbarang dina hal ngajaga kualitas wangunan imah adat, ngamekarkeun fasilitas-fasilitas anu can kahontal, jeung leuwih ngawanohkeun deui kabudayaan anu aya di Kampung Budaya Sindangbarang ka masarakat luar, hususna masarakat Bogor sorangan.

Pikeun guru, istilah-istilah anu dipedar dina ieu panalungtikan bisa dijadikeun salah sahiji alternatif bahan pangajaran maca artikel ngeunaan budaya kelas XII. Dipiharep guru salaku anu ngadidik siswa bisa leuwih kréatif dina nepikeun matéri anu saluyu jeung konsép KTSP 2006 pangajaran basa jeung sastra Sunda. Pamungkas, ku ayana ieu skripsi dipiharep masarakat umum bisa leuwih apal kana istilah-istilah anu aya pakitna jeung arsitéktur imah adat di Kampung Budaya Sindangbarang.